

Avi pou paran sou patisipasyon nan Evalyasyon altènatif Eta Nouyòk (NYSAA)

Dat: _____

Chè Paran/Responsab:

Lèt sa a se pou fè w konnen ekip IEP _____, pitit ou a rekòmande pou l patisipe nan Evalyasyon altènatif Eta Nouyòk (New York State Alternate Assessment, NYSAA), olye nan pwogram jeneral evalyasyon Eta Nouyòk (YS) la, nan sijè sa(yo):

_____.

Pandan ekip IEP a t ap fè rekòmandasyon sa a, yo wè pitit ou a satisfè kritè elijiblite ak patisipasyon pou NYSAA, ke ou ka jwenn nan www.p12.nysed.gov/specialed/publications/eligibility-criteria-for-participation-nysaa.html.

Ekip IEP a wè tou ke pwogram jeneral evalyasyon Eta Nouyòk la pa yon mwayen apwopriye pou pitit ou a demontre konesans li ak abilite l, menm avèk akomodasyon pou l pran egzamen an. NYSAA fè pati pwogram evalyasyon NYS la. NYSAA mezire rannman elèv la nan nòm reyisit altènatif nan domèn konpozisyon anglè (ELA), matematik, ak syans. NYSAA apwopriye pou elèv ki gen andikap grav pou aprann nan klas 3-8yèm ane ak nan lekòl segondè.

Fè atansyon, si pitit ou a patisipe nan NYSAA pou youn oswa plis sijè nan lekòl segondè, li p ap kapab satisfè kondisyon pou li pran yon diplòm lekòl segondè NYS. NYSAA evalye nòm aprantisaj ki **pa** satisfè kondisyon pou youn diplòm lekòl segondè (diplòm lokal oswa Regent) nan Eta Nouyòk. Pou elèv pran youn diplòm lekòl segondè NYS, li dwe pran kredi kou obligatwa yo ak patisipe nan egzamen Regents obligatwa yo.

Yo bay elèv yo rekòmande pou patisipe nan NYSAA enstriksyon ak evalyasyon kont nòm altènatif ki gen youn nivo kompleksite pi ba. Y ap evalye pitit ou a avèk sistèm evalyasyon altènatif Dynamic Learning Maps (DLM). Evalyasyon altènatif DLM ke yo bay sou konpitè, se youn sistèm evalyasyon ki mezire rannman elèv nan ELA, matematik, ak syans. Evalyasyon sou konpitè sa a bay opòtinite pou pèsonalize evalyasyon an dapre kapasite ak bezwen endividyèl pitit ou.

Ekip IEP pitit ou a, ke ou se manm ladan tou a, ap fè youn rekòmandasyon sou pwogram evalyasyon apwopriye pou pitit ou a chak ane. Si w gen nenpòt kesyon sou patisipasyon pitit ou a nan NYSAA ak sou opsyon yo genyen apre lekòl segondè, nou ankouraje w pou pale avèk pwofesè pitit ou a oswa avèk administratè edikasyon espesyal la.

Pou kesyon sou NYSAA li ta bon pou kontakte Divizyon règleman nan Biwo NYSED pou edikasyon espesyal nan 518-473-2878 oswa Biwo evalyasyon Eta a nan 518-474-5900. Plis enfòmasyon sou NYSAA, ladan Youn gid rapid pou paran sou evalyasyon altènatif (NYSAA) a

disponib sou sitwèb Biwo evalyasyon Eta a NYSED (<http://www.p12.nysed.gov/assessment/nysaa/home.html>). Plis enfòmasyon sou kondisyon pou gradyasyon disponib sou sitweb Biwo kourikoulòm ak enstriksyon NYSED (<http://www.nysed.gov/curriculum-instruction/>).

Nou remèsye w pou atansyon ou bay nan bagay enpòtan sa a.

Avèk senserite,